ISSN 0207-6551

# Нур

1
2018

6+



*Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ!*

*Фи гурылъ дахэхэр псори къывэхъулIэну, дызытехьа илъэсыр фыгушхуэу ефхьэкIыну дыфхуохъуахъуэ! Мы гъэ щIэрыпсым зи хъуэпсапIэ лъэIэса цIыхущIэщ фэркIэ Тхьэгъэпсэу ФатIимэт. Абы и тхыгъэ иджы япэу дунейм къытехьэу аращ. ФатIимэт полицэм и майорщ, Къэрал Думэм хэтащ, фэрэ дэрэ дыкъэзыхъумэ нэгъуэщI лэжьыгъэ гугъухэри ихьащ, и хъуэпсапIэр зыми къамыщIэурэ. СытIу пIэрэт ар?*

*«Нурым» еджэхэм къывэпсэлъэну хъуапсэу арат! ИлъэсыщIэм ещхьыркъэпсу щIэщыгъуэщ ФатIимэт и тхэкIэри, ищI сурэтхэри. Апхуэдэхэр куэд хъуркъым. Мэгъу башкIэ тхэфу Дунейр нэхъыфI зыщI цIыхухэм фэ нур цIыкIухэр фыкъагъуэт. Ар сытым хуэдэу ди гуапэ фи гугъэ! Мы гъэм цIыхущIэ куэд къывигъэцIыхунущ журналым. Феджэ закъуэ!*

АБРОКЪУЭ Беллэ

ТХЬЭГЪЭПСЭУ ФатIимэт

# Письмо фтхы

*Сэ жыжьэ щыпсэууэ дэлъху сиIэщ.. Щежьэм щыгъуэ къызжиIат:*

*– ПщIэжрэт нэхъапэхэм уэрэ сэрэ письмо зэхуэттхыу зэрыщытар... пощткIэ. КъытIэрыхьэху дежьэт,– додыхьэших тIури. Иджыри схуэтх письмо. ТхылъымпIэ, тетрадь, планшет, телефон... сыткIэ ухуейми тхы. Тхыи гъэтIылъ, сэ сыкъэкIуэжмэ седжэжынщ.*

*Фэри письмо фтхы, си ныбжьэгъу цIыкIухэ! Фтхыуэрэ вгъэтIылъ. Абы Iэмал имыIэу зыгуэр къеджэнущ. Зэрыфтхынури? – СымыщIэ. Абы хабзэ гуэр иIэкъым, ауэ сэ сыщыцIыкIуами, иджыри зэрыстхыр фэзгъэлъагъунщ.*

*Си тхыгъэхэм сурэт ящIыгъуэщ. Сэ сурэти сощI.*

*Дыгъэр согъэкIыл. Ар мэдыхьэших. Сэ дыгъэ бзийм сыкъыдэжэт лъапцIэу... Дэ тIур дызэныбжьэгъущ. Абы си гъуэгур егъэхуабэ. Сигури. Мамэ!..*



Дыгъэр согъэкIыл

# Нэхъыщхьэ дыдэр

...Си мамэ и Iэр дыгъэм нэхърэ нэхъ хуабэщ, ауэ... ауэ абы и лъакъуэр дыгъэми хуэгъэхуэбэжкъым.

Мамэ илъэс 72-рэ мэхъу. Ар сытым хуэдэу дахэт! Иджыри дахэщ езыр, ауэ, гу лъызмытэурэ и лъакъуитIыр жьы хъуащ, ешащ... лажьэурэ лэжьащ. Сэ мамэ и лъакъуэм Iэплlэ хузощI...

ЦIыхум жаIэ: «Жэнэтыр уи анэм и лъакъуэм деж щылъщ». И пащхьэ илъщ... Пэж хъунщ. Сэ жэнэт сыхуейуэ аракъым мамэ фIыуэ щIэслъагъур, нэхъыбэрэ сепсалъэмэ, Iэплlэ хуэсщIмэ щIысфIэфIыр. Сэ мамэ фIыуэ солъагъури аращ. Куэдрэ согъэпсалъэ. Уэ уи мамэ-щэ? Абы и лъакъуэр сыт хуэдэ? И Iэр, и щхьэцыр-щэ? Уи мамэ пщыхьэщхьэкIэ ешрэ? УдэIэпыкъурэ хьэмэрэ сэ сыщыцIыкIуам хуэдэу – ущхьэхрэ? Папи, нани, дади... уахуэсакърэ?

## Папэ

Сэ, сабий псоми хуэдэу, адэ сиIащ. Папэ щIалэ дыдэу дунейм ехыжащ. Сэ абы щыгъуэ илъэсищ сыхъуу арат, си шыпхъур – зы илъэс. СощIэж ар щыщIалъхьэм мамэ зэрыгъауэ щытар. СымыцIыху гуэрхэм мамэ сыбгъэдашэну хэтт, и щхьэм Iэ дызагъэлъэну. Сэ щыбым сыщIэкIыну сеIэрт. Къалэм къращат мэрожнэ, ар мыткIуж щIыкIэ сшхыну сыхуейт. А махуэм сэ сшхащ мэрожнэ. Мис мыпхуэдэу...



Хъыджэбз цIыкIум мэрожнэ ешх

Си папэ комбайн игъэлажьэрт. Ар юрист хъуну хуеящ, ауэ институтым щIэтIысхьэфакъым. Абы сурэт ищIырт, тхыгъэ гуэрхэр зэхилъхьэурэ тхылъ тедзапIэхэм ихьу щытащ. ТхакIуэ цIэрыIуэ хъуну хъуапсэт папэ, ауэ хунэсакъым. Махуэ гуэрым ар гуп яхэсауэ(!) машинэ рулым тIысыжри, – дэ, и сабийхэм, ди деж къэкIуэжынурат,– гъуэгум триIуэнтIыкIщ, машинэр щхьэпридзри...

Иджы сиIэжкъым. Уэ папэ уиIэмэ, си ныбжьэгъу цIыкIу, унасыпыфIэ дыдэщ!

Си папэ ищIат сурэт мамэ къыдэфэу...



Къафэ

## Унагъуэ

Сытым хуэдэ шыпхъу сиIэ фи гугъэ! Шыпхъу уиIэну сыту фIы!

Ар сытым хуэдэу дахэ. Си шыпхъум нэхъ ныбжьэгъуфI сиIэххэкъым. Зыр зым сыткIи дыдэIэпыкъуу допсэу дэ тIур.

Къуэи сиIэщ, балигъ хъуауэ. Абы теухуауэ зыри вжесIэнукъым... зэкIэ. Сыщогугъ абы езым и цIэр цIыхум къаригъэщIэну. Апхуэдэ махуэ къэхъунущ! ХъуэпсапIэ иIэщ. Ар зригъэхъулIэну гугъу зрегъэхь. Апхуэдэхэм зыхуейр къохъулIэ.

Иджы сыноупщI, си ныбжьэгъу цIыкIу: уи адэ-анэм дзыхь къыпхуащIрэ? Сыт узыщIэхъуэпсыр? Унагъуэм ар ящIэрэ? Уи хъуэпсапIэм сыт хуэблэжьыр? Сэ ар сщIэну зыкIэ сыхуейщи! Къысхуэптхын? Редакторым къызитыжынщ. Сэ уи письмо сыпэплъэнущ.



Унагъуэ

Мы дунейм илъэс 53 хъуауэ сытетщи, къызгурыIуаращ: цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр унагъуэращ. ИтIанэщ ныбжьэгъухэр, щIэныгъэр, лэжьыгъэр, хэкур, хъуэпсапIэхэр – адрей дуней псор. Ахэми уахуэныкъуэщ, ауэ уэ къыпщыгугъ мамэ, папэ, нанэ, дадэ, шыпхъу, дэлъхум хуэдэу лъапIэкъым. Ахэр жьы мэхъу, пIэщIокI. Пхуэпсэухукiэ, зэи (зэи!) уигу имыхуу, гулъытэ яхуэщI. Иджыпсту занщIэу. УиIэхукIэ. «ИужькIэ», жумыIэ зэи, а «иужьыр» къэмыхъуххэнкIэ хъунщ.



Си дэлъхур къыщыкIуэжым

## Дэлъху

Зи гугъу сщIынур си дэлъху лъапIэращ. Ар Iэджэ щIауэ нэгъуэщI къэрал щопсэу. Абы быний иIэщ, а цIыкIухэм я анэ Янэ – си дэлъхум и щхьэгъусэр... куэдрэ сымэджауэ дунейм ехыжащ. Ари тхэфт, сурэтыщIт, сэ сэщхьу. Хьэуэ, сэщхьыукъым, нэхъыфIу, Iэджэкiэ нэхъыфIу ищIт. Янэ ищIа сурэтхэм яхэлът урыс гуащэ – матрёшкэ. Абы и быниймси къуэри яхэсу мы сурэтыр къытесщIыкIыжащ.

АфIэкIа абы и гугъу сщIынукъым.
Мы сурэтхэр си дэлъхум
и унагъуэм фэеплъ яхуэсщIащ.



Янэ и бынхэр



Анэм и ба

Сурэтхэм нэмыщI, си дэлъхумрэ абы и унагъуэмрэ псысэ яхузэхэслъхьащ. «Балет. Жэщ псысэ». Аращ фIэсщар.

ЦIыкIухэ, мы журналым къыкIэлъыкIуэну къыдэкIыгъуэм тетынущ а псысэр.



Щlышылэ мазэм **илъэсищэ** мэхъу лъэпкъ дадэ lумахуэ, lуэрыlуатэдж ***КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку*** къызэралъхурэ. Къардэнгъущlым, псэуху еш имыщlэу, зэхуихьэсыжа таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ, уэрэдхэмрэ жыlэгъуэхэмрэ адыгэ хабзэми бзэми я гъэтlылъыгъэ хьэлэмэтщ. Абыхэм ящыщщ Мэлэчыпхъу теухуа хъыбархэри.



100

# Мэлэчыпхъу

Махуэ гуэрым Мэлэчыпхъу унэхъумэу къыданэри адэ-анэр дэкlат. Мэлэчыпхъу унэ шындэбзийм деж гуащэ щигъэджэгурт. Хьэтыкъ цlыкlу хуэдэу ятlэ пщар яритурэ яжриlэрт:

«Мыр “хьэщlэ къэкlуэнущ” жыфlи, вгъэтlылъ,
“Куэдрэ щылъащ” жыфlэуи фымышхыж!»

Абыкlэ шу гуп блэкlырти, ар щызэхахым, къэувыlэри едэlуащ. Зыгуэр жрагъэlэну гупым ящыщ зым:

– Къытхэдэ, дахэ! – жеlэ.

Мэлэчыпхъу къеплъэкlри, щэхуу къедаlуэу къыщыт шу гупыр щилъагъум, жиlащ:

– Зи шхуэlур мыбз,
Зи бдзыр имых,
Напщlэ къэмыщтэу
Къэщтэгъуей гуп,
Фи мыlуэху зевмыхуэу –
Фи гъуэгу фытет!

Шу гупым ар щызэхахым: «Мыр гъэщlэгъуэн дыдэщ» – жари, хъыджэбз цlыкlур зейр зрагъэщlэну яшхэр къраlуэнтlэкlри пщlантlэм къыдыхьащ. Мэлэчыпхъу, ар щилъагъум, гуащэхэр къигъанэри шу

гупым япежьащ. Кърикгъэпсыхри унэм щIишащ, шэнтхэр къахуигъэуври игъэтIысащ.

Уи адэр дэнэ щыIэ? – жаIэу къыщеупщIым:

Иримыкъу къыпищэну кIуащ, – жиIащ.

Ар шу гупым къагурымыIуэу, дэнэ жыпIа здэкIуар, жаIэу етIуанэу щеупщIым:

– ЛэжьакIуэ кIуащ, лэжьыгъэ зэи ирикъуркъым, – яжриIащ.

– Уи анэр дэнэ здэкIуар? – жаIащ гупым.

– Си анэр кIуащ Iуэхуит Iгъэн.

– Дэнэ жыпIа? – жаIэу аргуэру щыщIэупщIэм:

– Си анэр кIуащ уэршэракIуэ,

Ди гъунэгъум – махуэ гъакIуэ,

Пщэдеи махуэщ, жыхуиIэу,

Къэунэхури мазэщ, жиIэххэу,

Езым и Iуэхур имыщIэу,

ЗдэкIуами яримыгъащIэу, – яжриIащ.

Шу гупыр, ар ягъэщIагъуэу, шэсыжащ.

Мэлэчыпхъу щыхъыджэбздэсым къылъыхъу псоми дзы яфIищурэ яхудэкIуэртэкъым.

– Сэ а Мэлэчыпхъу жыхуаIэм дзы къысфIищыфынкъым! — жиIэри, зызэфIиIущ, зызэфIилъхьэщ, зигъэщIэращIэри щIалэжь гуэр къэкIуащ Мэлэчыпхъу деж. Уает, уэсри кууэ телът. ЩIалэжьыр шут. Ар бжэIупэм къыIухьэри къэджащ. Мэлэчыпхъу бжэр къыIуихыу къыщыщIэкIым, шур къиилъэгъуащ.

– Къеблагъэ, Iэжьэм ису шым тесыж! – жиIащ.

ЩIалэжьыр еплъыхри и вакъэ лъапитIыр Iэжьэпэм хуэдэу къэтIеяуэ щилъагъум:

– Укьысхурикъуащ! – жиIэри дэкIыжащ.

Махуэ гуэрым Мэлэчыпхъу щхьэгъубжэм къыдэплъу щыст. ЩIалэ гуэр къыдыхьати, хьэхэр ежауэ ебэнырт.

– ЩIэп гуэрэным хаубыдауэ щIалэ хъарзынэр хьэхэм хашхыхь! – жиIащ Мэлэчыпхъу.

И анэр щхьэгъубжэм къыдэплъри, хьэхэр зэбэн щIалэм фIэкIа щIэп гуэрэн илъэгъуакъым.

– ЩIэп гуэрэн ди пщIантIэм кьыздикIар дэнэ? – жиIэу щыщIэгубжьэм:

– ЩIэпщ абы щыгъыу хъуа псори! – жиIэри Мэлэчыпхъу гъынэнащ.

## Шыкъумцlий

Мы таурыхъым хэт щыуагъэхэр Шыкъумцlий псынщlэ дыдэу къигъуэтынут. Фэр-щэ? Блы мэхъу а щыуагъэхэр...

*Хьилэ зыхэмылъым лlыгъэ хэлъ?*
*(Адыгэ псалъэжь)*



***Чынтхэм я махуэгъэпсымкIэ илъэсхэр чэзууэ зэлэпызых псэущхьэ пщыкIутIым язщ хьэр. Дызытехьа 2018-р хьэм и гъэщ. Апхуэдэу псэ пэжрэ псэущхьэ Iущрэ щымыIэу жаIэ...***

*КЪАРМЭ Iэсият*

# НЫБЖЬЭГЪУ ПЭЖ

Гъуэплъ бэлацэ, натIэ джэху,
И цIэ дыдэри – Лъэбыху,
КIапэ бапхъэр ещI сэмэгу –
Хьэндырабгъуэ егъэджэгу.
КIэлъыпIащIэу жэщым махуэр
ЩIэпхъуэжащи хьэ гъэмахуэр,
КIэ бэлацэ къонэщхъей –
Уэнжакъ Iугъуэм худоплъей,

Бжьыхьэр шхыдэурэ мэпхъанкIэ,
Жьапщэр щатэурэ мэIункIэ,
Iумыл пщампIэу уае къокIуэ –
Чэсей Iэщхьэу щIым ирокIуэ.
Уафэм уэсыр Iэпощэщ,
Хьэр унэбжэм йопэщэщ.
Къоплъэ дади: «Хэт мы къуагуэр?»
(ЛIыжьым деж хьэр ущу макIуэ.)

ЕщIэ: дадэ иIэщ пхъэх,
Джыдэ, уадэ, пхъэзэгуэх.
Арщи, лIыжьыр йоужьэрэкI,
Махуэр гуэщым щырехьэкI.
Пхъэбгъу зэгуехри егъэджафэ,
Хьэм хущIэплъурэ мэгуфIэ:
«Иджы уиIэщ хьэ лэгъунэ,
Къыхуэмыту зы гъущI Iунэ.

Емыхъуапсэр хэт а хьэгъуэм?
ЗиIэр хэт апхуэдэу дэгъуэ?
Езыр хуабэрэ щхьэ задэу,
Езыр хуитрэ шыкъу матэу,
Къэнжал дахэр къуапэ нэзу,
Гъуэ ипщхьэпIэр бгъуфIэ есу».
Мэкъу щIэуфэ иралъхьэж,
Хьэ пIыщIар гъуэм йотIысхьэж.

ФыIуплъарэт ди Лъэбыху!
Къешхи къеси фIэмыIуэху.
И унащхьэр уэс бырыбу,
ЩIакIуэ хужьыр и бжэ лъэмбу,
Шыуан фIыцIэу лъэныкъуабэм
Къыщхьэщихуу хьэIус хуабэ...
Жейм хилъафэурэ мэхущхьэ –
Хьэндырабгъуэхэм йопщIыхьрэ:

«Дадэ хуэдэу ныбжьэгъу пэж
Зым имыIэ-тIэ. Уэт къуэш!»



## Жэуапхэр къэптрэ е къуажэ къызэптрэ?
## (НапэкІуэцІ 8-м ит таурыхъ-къуажэхьым хэт щыуагъэхэр)






**Эйфель** и лъагапІэр мы щІыпІэм къыщыхутэн хуеякъым.



ШыкъумцІий здэщыпсэуа ди щІыпІэм **пальмэ** къыщыкІрэ-тІэ?!



НэжьгъущІыдзэм Іэджэ нэхърэ нэхъ кънищтэнт и унэжь цІыкІум **триколор** тетыну.



Уоу! ШыкъумцІий ауэ сытми Іущыцэ! ИтІани, таурыхъым **смартфон** хэтынкІэ Іэмал щыІэкъым.



Пэжщ, нэжьгъущІыдзэр ныбэхуэфІ гуэрт, ауэ **сникерс** зэи иІакъым.



Удхэм Іэджэ яхузэфІокІ, Іэджи кърагъэзэгъ... Арщхьэкlэ мыпхуэдэ **вакъэ** ахэр епщІыхьауэ къыщІэкІынкъым.



ШыкъумцІий и ныбжьэгъум Іулъ **нэгъуджэр** мыбы щхьэ къыхэгъуэща? Апхуэдэ хэтакъым адыгэ таурыхъым.

# МЭЛЫХЪУЭХЬЭ

**Мыр къызэрыхъурэ зы лIэщIыгъуэ икIри илъэс Iэджи кIэлъыдэкIыжащ. Iуэры-Iуэтэжу ди деж къэса хъыбарыр зэрызэхэтха дыдэм тету фи пащхьэ идолъхьэ.**

**Джылахъстэнейм хыхьэ Хьэпцlей (Хамидие) жылэм Щэмырзэ унэцlэр зэрахьэу щыпсэуащ зэкъуэш бынунэ. А зэманым куэду щыIащ-тIэ хэкум икIыжхэр. Щэмырзэ зэкъуэшхэри тегушхуэри Тыркум иIэпхъукIащ. Бынунэр хэкужьми щыкъулейсызакъым. Шы, IэщIэвыщIэ – кIэщIу жыпIэмэ, къахуэщхьэпэну къалъытэ мылъкур Истамбыл здрашащ. Дауи, я псэр зэпщIа пщIантIэхьэри Хьэпцlей къыданакъым – ари здашащ Тыркум.**

* * *

Илъэсхэр кIуащ. Зы гъэ гуэрым Джылахъстэней щыщ лIы Сэудей Хьэрыпым хьэж щищIыну ежьащ. Мэчэри Мадинэри зэщIигъэхьэри, хьэжыщIыр муслъымэн къэралхэм лъэс защIэу къапхрыкIыурэ Тыркум и къалащхьэ Истамбыл къыдыхьащ. Адыгэр а зэманым куэду здэщыпсэу къалэм щыхьэщIэ пэт, лIым зэхихащ Хэпцlей икIа зэкъуэшхэм я хъыбар. ХьэжыщIым ахэр Джылахъстэнеи щицIыхуу щытати, гуфIэри ялъыгъуэзащ.

Куэд щIауэ гъуэгу тет я хэкуэгъур Щэмырзэ зэкъуэшхэм гуфIэу ирагъэблэгъэнтэкъэ?! Ягъэхьэщlащ, зэщIэупщIахэщ, Iэджи ягу къагъэкIыжу зэдэуэршэрахэщ. Ауэрэ здэпсалъэм хьэщIэр бысымхэм йоупщI:

– Кхъыlэ, фымыбзыщlу къызжефlэ – фи Iуэху, фи псэукlэ дауэ щехъулlэрэ мы хамэ щIыналъэм?

– Уэлэхьэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, ди псэукIэр, зэрыплъагъуци, мыIей. Тшхыни тщIэни догъуэт. Ауэ…

– Ауэ сыт? – хегъэзыхь хьэщIэми.

– Зы гуныкъуэгъуэ диIэщи дрогуауэщхьэуэ. Хэкум дыкъыщиIэпхъукIым, пщIантIэм къыдэднэн дигу пымыкIыу, ди адэ мыгъуэм фIыуэ илъэгъуа мэлыхъуэхьэр къыздэтшат. Лажьи-хъати имыIэурэ хьэр зэман гуэркIэ къыддэпсэуащ. ИтIанэ… Зы жэщ гуэрым дэкIри къигъэзэжакъым.

– Уэлэхьэ, мыхъуа ар. Фи адэм и фэеплъу… Къэфлъыхъуа?

– Уэри щIыри дгъэзащ! Уэбзэх-щIыбзэхт. И лъэужьи къэтхутакъым…

И хэкуэгъу хэхэсхэм я гукъеуэм хигъэплъауэ хьэжыщIыр къыщежьэжым зэшхэр къелъэIуащ:

– Ди жылэжьым зэ уи лъэ нэсмэ, хьэбли, унэкъуэщи сэлам тхуехыж. Ди псэукIэри яхуэIуэтэж.

* * *

ЗэманыфIи дэкIауэ хьэжыщI лъэсырызекIуэр зэгуэрым Хьэпцlей дохьэ. Щэмырзэхэ здэщыпсэуа хьэблэм макIуэри и унэкъуэщхэм яIуощIэ, и нэгу щIэкIа, зэхихахэр бысымхэм яхуеIуатэри щIегъуж:

– ЖыпIэнурамэ, Iейкъым фи унэкъуэщ икIыжахэм я Iуэху. Ауэ, здрашауэ щыта мэлыхъуэхьэр Истамбыл дэкIуэдащи ар нэхъ ягу къоуэ. Адэ фэеплът, пщIантIэжьымэ щыуат. Иджыри къэс хьэжыщIым щыму едэIуа бысымыр погуфIыкIри бжэщхьэIум нэс хьэщIэр щIеш:

– Мес Щэмырзэхэ къакIэщIэкIуэсыкIа мэлыхъуэхьэр. Мыгъуащэу Истамбыл къикIыжри пщIантIэм къыдэтIысхьэжащ.

Куэд зи нэгу щIэкIа хьэжыщIыр къэуIэбжьарэ псалъэ хужымыIэу еплъырт зэбэдзэуэжу бжыхь жьауэм щIэс мэлыхъуэхьэм: «Тобэ, ярэби… Хэт нэхъ Iущыр хьэрэ лIырэ?!»

ТЭНАЩ Толэ къиIуэтэжа хъыбарыр зытхыжар ***КЪАРМЭ Iэсиятщ.***



**Жыгыщlэ и тхьэмпэ мэгуфlэ,**
**жыгыжь и тхьэмпэ мэлъаlуэ**

*(Адыгэ псалъэжь)*

# УЭГУРЫНЭРЭ ПШЭХУПЩРЭ

*ЩIымахуэ псысэ*

ЩIымахуэр щыуае, уэсыр щыжьыч щIыпIэхэм ящыщ зым мэз Iув гуэрэнышхуэ щыкIырт. Абы и гупэм къитт мэзакIуэм и пхъэ унэ цIыкIур. ЛIым зы къуэрэ зыпхъурэ иIэт – Ашэмэзрэ Мэзгуащэрэ. ДжэгупIэуи псэупIэуи а тIум яIэр мэзырат, тхьэкIумэкIыхь жэрхэм къадэжэу, кIэпхъ бацэхэр я Iэгум ирагъэшхыкIыу, щIымахуэ уаер нэхъ зыхуэлъэ псэущхьэ цIыкIухэм гъуэ хуащIу. Абы и закъуэ?! Мэзым и макъым щIэдэIут, жыг псалъэмакъхэри зэхащIыкI хъуат. Махуэ гуэрым, зэдэлъхузэшыпхъум уэскIурий ящIу мэзым щIэту, уий, уэсыр зэрихьэрэ щIэфиихьыжу борэнышхуэ къыкъуэуащ . Асыхьэтым а тIур зыкIэщIэс жыгым жьыуейм зыщридзым, Пшэхупщ уэздыгъей зэщIэкIэзызэщ, и къудамэ бацэхэр зэщIэскъыскъэри къугъащ:

– Уэуу-уу! Мыр сыту жьы бзаджэ! Си щхьэкIэр фIимыщIыкIарэт.

– Уэ ущIалэщ,– жи Уэгурынэ, жыг нэхъ лъагэм,– укъарущ. Илъэс щищрэ щэ ныкъуэрэ ухъуу аркъудейщ. Сэ илъэс щиплI си ныбжьщ. Си пкъыр зэрызэхэщIыщIэр зэхэпхрэ? – мэщатэ уэздыгъей жыгыжьыр.

– Умыщатэ,– егъэгушхуэ дадэр уэздыгъей нэхъ щIалэм.– Абы нэхърэ нэхъыфIщ мы жьыуейр зи щIэжьыуэ ди уэрэдыр къыхэдгъадзи.

Абдежым жыгитIым я уэрэдыр къыхадзэ:

Уэздыгъеижьхэри ныбжьырей лIыжьи,
Уэздыгъеижьхэри щхьэбацэ мыжьи…
Уэуу-ри, уэ-ри-ра-рии…
Дыгъэм и гуащIэри гъуэжьу къыттепси,
Уэсым и уаери хужьу къыттеси,
Уэуу-ри, уэри-ра-рии…

ЛIэщIыгъуэжь жьапщэри
Ди псэхэм къеIи,
Ди щIыфэ щхъуантIэри
Зым яхуимыIи, –
Уэуу-ри, уэри-ра-ри…

Сабийхэр мыбауэу уэрэдым едэIуащ. Абы гу лъатакъым я адэр къызэрыIухьам. МэзакIуэлIым джыдэкIэ уэздыгъейм зыщытришащIэм Ашэмэз къэкIиящ:

– Ди адэ! Мыр Уэгурынэщ,Iэгъу! Уеуэ хъунукъым.



– Мыдрейр Пшэхупщщ! – жыгым зыкIэриупсеящ Мэзгуащи.– Дэ зэхэтхащ а тIум я уэрэдыр.– КхъыIэ, уемыIусэ!

Адэр пыгуфIыкIщ, джыдэр и дамэ трилъхьэжри унэмкIэ ежьэжащ.

УэздыгъеитIыр гуфIауэ зэщIощхъыщхъэ,– дыкъевгъэлащ, сыткIэ фыдгъэфIэжын? – жари.

Уэгурынэ мэдэхащIэ:

– Ашэмэз, си фIыщIапщIэр мыращ: уэ дэнэкIэ умыгъазэми уи щхьэщыгум дыгъэр итынущ, къыптепсэу.

– Уэри, Мэзгуащэ,– къыпещэ Пшэхупщ,– уи нэр зытеплъэм уэс телъмэ, ткIужынурэ, асыхьэту удзхэр зэщIэгъэгъэнущ.

* * *

Зэгуэрым, щIымахуэ шылэу, пшэ щхъуафэхэр къелъэхъшэхарэ бырыбу зепщыпщэу, мэзакIуэм и унэмкIэ пащтыхьым и гуимэ зэщIэщIар блэжырт. Пащтыхьыр щIыIэм исат, ущхъуэнтIат, нэщхъейт, пащтыхь гуащи Iэпэхэр дияуэ зызэщIиуфэрт. А дакъикъэм Ашэмэзрэ Мэзгуащэрэ гуимэ зэщIэщIам и макъыр зэхахати, еплъыну унэм къыщIэжащ. ЩIалэ цIыкIур дэкIуеипIэм къызэрытехьэу пшэхэр зэлъыIукIуэтри дыгъэр къыкъуэпсащ. Хъыджэбз цIыкIур къызэреувэхыу и лъэгум уэсыр щIэткIукIри, щIым къыхэжа удз щхъуантIэхэр къэтIэпIу хуежьащ.

– Уа, мы дыгъэр зэрыгуапэ,– гуфIэжащ пщыр.

– ЩIымахуэкум къыхэжа удзхэр-щэ!– и нэкIур нуру зэщIэблащ пщыгуащи. Мы тельыджэр къэзыгъэхъуар сабийхэра?!

Гуимэм къикIри, удз щабэм къыхэуващ пщы зэщхьэгъуситIыр. МэзакIуэмрэ и щхьэгъусэмрэ елъэIуащ зэдэлъхузэшыпхъур пащтыхьыгъуэм здашэну. Ахэр арэзы хъуащ. Мэзгуащэ пащтыхьыгъуэм и хадэгъэкI нэхъыщхьэ ящIащ. Ашэмэз мэзхъумэ пашэу хахащ.

Тельыджэ къыщыхъуащ къэралыгъуэм! ЩIымахуэм я нэхъ жьычми мэзышхуэр дыгъафIэ зэпытт, уэс хужьым дунейр щызэщIиуфэми – пащтыхь хадэр зэщIэгъагъэрт! НасыпыфIэ хъуат зэдэлъхузэшыпхъур, ауэ я мэзым хуэзэшырт.

Зэгуэрым а тIур къэкIуащ Уэгурынэрэ Пшэхупщрэ я деж. ЩIымахуэкут, уэс борэныр зэщIэфиерт. Жьы дыдэ хъуат уэздыгъеитIыр: жыглыц тхъуар ятрищIат, къару зыхэмылъыж я къудамэхэр жьым къыгуищIыкIауэ я банэ цIыкIухэр гъуэжь хъуауэ пылъэлъыжырт. Ашэмэз абыхэм зэраIуплъэу, жьыуейр зэпыури жыгхэм дыгъэ гуапэ къатепсэжащ. Мэзгуащэ и Iэр жыг лъэдий къущхэм зэралъэIусу, ахэр зыгъэдия уэсыр ткIужри, гъатхэмэ къэуащ.

Псэ къызыхыхьэжа уэздыгъейхэр асыхьэтым къэIущэщащ:

– Уэздыгъеижьхэри ныбжьырей<br>лIыжьи,<br>Уэздыгъеижьхэри щхьэбацэ мыжьи…<br>Уэуу-ри, уэрира-рии…

*Топелиус Сакариас и «ЩIымахуэ псысэм» къытезыщIыкIар* ***АБРОКЪУЭ Беллэщ.***



НАРТ ДЖЭГУРЭШ
НАРТ ХАСЭ
Фыкъеблагъэ!
53 52 51 50 49 48 47 46 45 44 43 42 41 40 39 38 37 36 35 34 33 32 31 30 29
22-М гъэзэжи, Ахуэмыдэ сигу къызэрыхуэплъыр схужеIэ.
Къыпхуогумащlэ Мэлэчыпхъу: «Умышхауэ укъежьа»? Кхъыlэ, щышхэ 3-м!
Улъэщщ! утекlуащ иныжьым, кlуэ иджы 38-м...
Нарт хъыбархэр фlыуэ пщlэмэ, алъпыр игъэлъи, Хасэм щепсых! Умыщlэмэ – укъыздикlам гъэзэж...
Жаншэрхъ уджэгункlэ сыт уи лlыгъэ? 41-м кlуэ.
Етlысэхи Ахуэмыдэ и хъыбархэм щlэдэlу! Итlанэ кlуэ 23-м
Иджыри тlэкlурэ жаншэрхъ щыджэгуж 39-м.
Иныжь щхьищым тlур хупыпхащ. Ещанэм упэмылъэщмэ, Уэрсэрыжь деж 9-м гъэзэжи, аргуэру ечэндж

*Зэгуэрым Ашэмэз щIалэ и бжьамий кIапэхэр фIызэхэзэрыхьри тIумкIи зэдепщат. Арти, дунейр къызэIыхьащ. НартылI хахуэу щыIэр Хасэм щызэхуэсу, иджы, зы унафэ ящIын хуейщи, мэпIащIэ лIыхъужьхэр!*
*Хэту пIэрэ нэхъапэ Хасэм нэсынур?*




Зыгъэхьэзырар
**ХЬЭЛИЛЭ** *Миланэщ*







**МЭШЫКЪУЭ** зэдэлъхузэшыпхъухэр сурэт зэхъэзэхуэм щытекIуащ! Мухьэмэдрэ Эмилиерэ мы мазэм илъэсищ ирокъу. Миланэ (илъэсих) усэ къеджэнымкIэ япэ увыпIэр Налшык къалэ къыщихьащ. Щыри «Псынэ цIыкIу» (72-нэ) сабий садым и гъэсэнхэщ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 1 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
12.01. 2018 г.
Выход в свет 29.01. 2018 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3470 экз.
Заказ № 156.
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.